

21 Jiyè 2020

DÈNYE ENFÒMASYON SOU NOUVO PWOGRAM FEDERAL: Kongrè a te adopte e Maine te chwazi yon nouvo pwogram chomaj tanporè federal ki te kreye pa Lwa CARES la. Depatman Travay Etazini te pibliye direktiv pwogram nan e Depatman Travay Maine (MDOL) ap travay pou aplike yo pi rapidman ke posib. Depi nouvo pwogram yo fin anplas, yo pral trete reklamasyon yo retro-aktivman nan dat yo dapre lalwa.

→ **Konpansasyon Federal pou Chomaj ki gen rapò avèk Pandemi [Federal Pandemic Unemployment Compensation (FPUC)]** te lanse nan dat 16 Avril e li bay yon lòt \$600 anplis nan benefis chak semèn pou moun sila yo ki deja ap resevwa benefis chomaj.

→ **Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)]** te ouvè pou aplikasyon nan dat 1^{ye} Me. Pwogram lan bay asirans chomaj pou moun yo ki pa kalifye pou asirans chomaj regilye sa ki gen ladan travayè otonòm ak lòt kategori travayè yo ki jeneralman pa ta resevwa asirans chomaj e ki afekte dirèkteman pa COVID-19.

→ **Konpansasyon Chomaj Ijans pou Pandemi [Pandemic Emergency Unemployment Compensation (PEUC)]** te lanse nan semèn 29 Jen an. Li ofri jiska 13 semèn chomaj anplis pou moun sila yo ki fin epwize pa yo a.

Si ou deja enskri nan pwogram chomaj aktyèl la, ou ta dwe kontinye depoze sètifikasyon w chak semèn (chak semèn, tanpri evite Dimanch ak Lendi ki sichaje anpil).

Mezi Chomaj Tanporè Eta: Lwa ijans sou COVID-19 Gouvènè Mills (Lwa Piblik 20, Chapit. 617) te adopte pa lejislati a epi siyen an lwa nan dat 18 Mas. Li gen ladan mezi tanporè pou amelyore fleksibilite pwogram Asirans Chomaj pou ede soulaje fado finansye revokasyon tanporè, izolasyon, ak karantèn ki nesè medikalman lè yo mete benefis chomaj disponib pou moun ke travay yo te afekte pa COVID-19. Lwa a revize tanporèman egzijans sou kalifikasyon pou ajoute sitiyasyon ki pa ta kouvri jeneralman tankou: yon anplwayè tanporèman sispann fonksyone akòz COVID-19, oswa, yon moun an karantèn avèk espwa pou retounen travay lè karantèn nan fini. Lwa eta anile egzijans chèche travay pou moun yo ki toujou konekte avèk travay yo epi anile peryòd datant yon-semèn nan kidonk benefis yo pral disponib pi bonè. Nenpòt benefis yo peye dapre dispozisyon sa yo pa pral afekte dosye evalyasyon eksperyans anplwayè a.

KESYON YO POZE SOUVAN: POU ANPLWAYE YO

Avètisman: Enfòmasyon ki annaprè a se gid jeneral ki baze sou senaryo chomaj ipotetik. Se pa yon konsèy legal sou nenpòt reklamasyon chomaj spesifik. Yo dwe analize ka endividyèl yo e yon reprezantan reklamasyon nan Biwo sou Konpansasyon Chomaj (BUC) ap deside.

Kondisyon pou Chèche Travay

1. Kounye a mwen nan chomaj akòz yon revokasyon tanporè ki gen rapò avèk COVID-19. Èske m dwe toujou chèche travay?

Resan pwolongasyon Gouvènè a nan Ijans Sivil akòz COVID-19 te pwolonje tou egzansyon chèche travay pou sila yo ki nan chomaj. Aktyèlman gwoup moun sa a pa bezwen pa bezwen chèche lòt travay jiska **5 Septanm**.

A. Moun sila yo ki pa prevwa pou retounen nan ansyen travay yo ap gen obligasyon pou chèche travay apati dat 9 Out nan fason pou nou kontinye resevwa benefis yo. Depatman an ankouraje tout moun pou itilize semèn anplis sa a pou kreye yon kont Maine JobLink, mete rezime yo ajou, ak eksplòre sèvis anliy CareerCenter. Ou ka jwenn Maine JobLink isti la: <https://joblink.maine.gov/ada/r/>

B. Moun sila yo ki prevwa pou retounen nan ansyen travay yo pa bezwen chèche travay pandan Ijans Sivil Maine nan, gwoup sa a pa bezwen kòmanse chèche lòt travay jiska **5 Septanm**.

REMAKE: Menm avèk egzansyon chèche travay, moun yo dwe toujou depoze yon reklamasyon chak semèn pou yo ka resevwa peman chomaj.

2. Lè yo leve egzansyon pou chèche travay epi chèche travay vin obligatwa ankò, èske yo pral koupe benefis moun yo si anplwayè yo pa fè yo retounen nan travay yo?

R. Moun yo ki toujou nan konje tanporè oswa revokasyon avèk lespwa pou retounen nan travay regilye yo kouvri pa dispozisyon chomaj ijans ki te adopte an repons a deklarasyon ijans sivil Gouvènè a. Dispozisyon sa yo ap rete anvigè pou 30 jou odela fen deklarasyon ijans lan. Aktyèlman, deklarasyon ijans sivil la te pwolonje kidonk dispozisyon chomaj ijans lan rete anplas jiska 5 septanm. Si yo pwolonje deklarasyon ijans lan, kidonk dispozisyon sa yo ta pwolonje egalman.

3. Èske travayè endepandan yo dwe chèche travay annatandan yo re-ouvè pwòp konpayi yo pou yo ka kontinye kolekte PUA yo?

R. Si entansyon yo se pou relouvri biznis yo epi yo pa kapab akòz pandemi an, yo pa gen pou chèche travay. Pwogram Asistans pou Chomaj pandemik (PUA) egzije pou tout moun k ap resevwa benefis anba pwogram sa a sijè a menm lwa chomaj eta a konsènan responsablite pou elijiblite chak semèn tankou moun ki ranpli pou benefis chomaj eta regilye. Nou ta konsidere endepandans moun k ap tann pou relouvri biznis yo menm jan ak yon moun ki pap travay pandan yon titan epi yap rete tann pou yo rele yo nan travay yo. Konsa, yo ta kouvri pa dispozisyon chomaj ijans ki gen rapò ak deklarasyon ijans sivil la ki rete anvigè pou 30 jou apre fen deklarasyon ijans lan. Aktyèlman, deklarasyon ijans sivil la te pwolonje kidonk dispozisyon pou ijans chomaj, ki gen ladan yon egzansyon pou chèche travay, rete anplas jiska 5 septanm. Si entansyon pou relouvri a chanje nan fèmen biznis la, moun ki travayè endepandan an vin sijè a dispozisyon rechèch travay regilye Maine *ki pa ijan*, dispozisyon rechèch travay nan fason pou kontinye kolekte benefis PUA yo. Pwovizyon *nòmal* rechèch travay aktyèlman te anile pa Depatman Travay nan Maine jiska nan semèn ki fini 9 Out.

4. Si konte Cumberland, York ak Androscoggin rete lajman fèmen, èske kondisyon rechèch travay ap aplike pou moun sa yo?

R. Pou moun sila yo ki sou revokasyon tanporè oswa k ap rete tan anplwayè yo rele yo, dispozisyon pou ijans chomaj (kounye a anvigè jiska 8 out) pral aplike e moun sa yo pa pral bezwen chèche pou lòt travay toutotan yo rete disponib ak dispoze pou travay yo. Sa a ta aplike tou pou travayè endepandan yo nan konte sa yo ki paka louvri biznis yo akòz COVID-19 (toutotan entansyon yo se pou relouvri biznis yo). Moun yo ki separe definitivman de travay yo pa kouvri pa dispozisyon pou ijans chomaj men aktyèlman yo anba yon kouvèti egzamen travay ki soti nan Depatman Travay Maine. Aktyèlman li anvigè jis nan semèn kap fini 8 Out sa ki aliyen ak plan aktyèl la pou relouvri biznis yo nan Maine.

Konsèy sou Pwosesis reklamasyon Chomaj

5. Kisa pou m fè si m rele e tan datant lan long?

R. MDOL ap resevwa yon volim apèl ki elve ak reklamasyon pou benefis chomaj. Yo aksepte reklamasyon yo anliy 24 èdtan pa jou, sèt jou nan yon semèn; li pi bon pou depoze l apati yon òdinatè ak nan aswè lè trafik la redwi sou entènèt. Ou ka gade tou repons pou Kesyon yo Poze Souvan anliy www.maine.gov/unemployment. Si ou poko jwenn repons pou kesyon w lan, ou ka soumèt yon nouvo kesyon sou Pòtal Mesaj Kliyan anliy [Customer Message Portal (CMP)]: <https://www.maine.gov/labor/contact/index.html>.

Yo reponn kesyon yo osi rapidman ke posib e MDOL ap fòme ak mete plis anplwaye pou reponn apèl ak mesaj yo. Ap toujou gen yon peryòd datant ki long. Gen yon kantite san parèy rezidan Maine ki te afekte pa COVID-19 e nou apresye pasyans ou.

6. Ki nouvo sistèm Apèl Alfabetik pou liy telefòn chomaj yo?

R. MDOL te mete anplas yon kalandriye apèl alfabetik pou ede redwi konjesyon liy telefòn yo ak ogmante kapasite pou resevwa ak trete reklamasyon yo. Moun ke non fanmi yo kòmanse avèk A-H ta dwe rele nan Lendi, I-Q nan Madi; ak R-Z nan Mèkredi. Yo kite Jedi ak Vandredi pou moun yo ki te rate jou alfabetik yo oswa ki bezwen rele nan lè sa a.

7. E si m pa gen yon òdinatè oswa aksè sou entènèt?

R. Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè oswa entènèt, ou ka rele 1-800-593-7660 ant 8 a.m. ak 3 p.m. Lendi-Vandredi.

8. Map itilize telefòn mwen pou m eseye re-aplike pou chomaj. Poukisa mwen pa ka wè tout paj la?

R. Li pi bon pou itilize yon òdinatè biwo, òdinatè-pòtab oswa tablet pou depoze yon demann chomaj olye ou itilize yon telefòn selilè.

9. Kijan m ka evite bloke sou kont chomaj mwen?

R. Gen de pwoblèm komen kap bloke kont chomaj yo. Premyèman, non itilizatè yo an miniskil kidonk: pa itilize lèt majiskil. Dezyèmman, depi ou fin kreye yon kont anliy, verifye imèl ou. Sa a pral ede w pou reyajiste modpas ou si ou ta vin bezwen l nan pita. Pou fè sa, konekte sou kont ou, ale nan “Antretyen Benefis” “Benefit Maintenance” tab ki sou ekran akèy la, klike sou “Mete Pwofil Moun kap mande a ajou” “Update Claimant Profile,” apresa “Verifye Imèl” “Verify Email.” Antre kòd yo voye sou imèl ki nan dosye a nan seksyon tèks la.

Si ou te eseye konekte sou kont ou an de fwa e modpas la toujou pa travay, klike sou “Bliye Modpas” “Forgot Password” epi swiv enstriksyon yo. Aktyèlman nou gen uit manm pèsònèl ki angaje sèlman nan reyajiste modpas. Tanpri ede libere moun sa yo kidonk yo ka konsantre sou rezoud lòt pwoblèm chomaj. Pa eseye modpas ou plis pase de fwa. Mèsi pou èd ou!

10. Kisa “anmezi ak disponib” vle di?

R. Moun ki panse yo ka kalifye pou benefis chomaj, ta dwe aplike (anliy, disponib 24/7). Daprè lwa a, moun kap aplike yo dwe anmezi ak disponib pou travay nan fason pou yo ka elijib pou chomaj. Anba nouvo mezi tanporè chomaj eta, moun yo dwe rete an kontak avèk travay yo epi asire ke travay la gen enfòmasyon kontak aktyèl yo.

11. Poukisa mwen dwe enskri avèk Maine JobLink lè map aplike pou chomaj?

R. Enskri sou Maine JobLink—yon baz done travay piblik ki bay moun kap chèche travay yo aksè nan plizyè

milye travay alafwa—li egzije nòmalmàn pou moun sila yo kap resevwa benefis nan kad chèche travay. Men, yo te sispann chèche travay jiska 8 Out pou moun sila yo ki pa prevwa pou retounen nan ansyen travay yo ak jiska dat 5 Septanm pou sila yo ki prevwa retounen nan travay yo (gade Kesyon 1). Yo toujou rekòmande enskripsyon anpil kòm lè yo retabli chèche travay nenpòt moun ki toujou ap resevwa benefis chomaj pral bezwen yon kont JobLink. Lè moun yo enskri epi soumèt yon nouvo reklamasyon pou chomaj, sistèm UI a kreye yon kont pasyèl Maine JobLink pou yo, asiye yon non itilizatè jenerik ak yon modpas avèk yon nimewo sekirite sosyal. Depi yo konekte sou Maine JobLink avèk enfòmasyon koneksyon yo bay la, Maine JobLink pral reponn modpas asiye an te ekspire e lap mande pou kreye yon nouvo modpas.

12. Poukisa MDOL kontakte travay mwen lè m aplike pou benefis chomaj?

R. Pwosesis pou detèmine elijiblite benefis chomaj yon moun se yon pwosedi de-pati. Biwo Konpansasyon Chomaj MDOL (BUC) resevwa premye reklamasyon benefis chomaj yon moun avèk enfòmasyon ki nesese sou aplikasyon an. Repezantan Reklamasyon BUC yo rasanble enfòmasyon an tou nan men travay la, analize tout salè ki disponib yo ak separasyon enfòmasyon apres a li fè yon detèminasyon ke li kominike bay moun ki te aplike a atravè kont ReEmployME yo a.

13. Èske m oblije rete tan pou m resevwa benefis chomaj?

R. Pou reklamasyon benefis chomaj ki depoze anba nouvo lwa sou ijans chomaj eta, “semèn datant lan” te leve apati dat Deklarasyon Ijans Gouvènè a nan 15 Mas 2020. Akoz volim demann elve nan tan difisil sa a, lap pran tan pou trete reklamasyon sa yo. *Ou pa pral pèdi okenn benefis akòz de sa.* Depi yo fin trete reklamasyon an, moun ki te aplike pou benefis yo ka atann pou resevwa benefis chak semèn depi yo depoze reklamasyon yo atan e yo dwe rete elijib pou kolekte benefis yo.

14. Si yon moun pa p travay akòz fèmti lekòl ak gadri, kisa pwosesis chomaj la ye?

R. Tanpri gade enfòmasyon sou sit entènèt www.maine.gov/unemployment/pua sa ki pral esplike kijan ou ka depoze yon reklamasyon pou chomaj anba pwogram Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance], yon pwogram federal te lanse nan dat 1^{ye} Me pou bay travayè yo benefis chomaj ki pa ta jeneralman kalifye pou resevwa anvansa. Moun yo ta dwe depoze reklamasyon pou benefis chomaj (anliy se pi bon fason, disponib 24/7).

15. Mwen te depoze yon demann chomaj grasa sistèm anliy lan, men mwen pa ka di si yo te aksepte demann lan e mwen pa t resevwa yon resi ki montre m te aplike?

R. Akòz yon volim reklamasyon san parèy, nan moman an li te ka pran plizyè jou pou reklamasyon an parèt sou kont ou an. Pou dosye w, tanpri enprime oswa pran imaj ekran nan paj konfimasyon final la kote ekran an di ou te soumèt aplikasyon an avèk siksè kidonk ou gen prèv yo te resevwa l. (Jeneralman, nan moman ki pa gen anpil reklamasyon, nouvo reklamasyon an ta parèt sou kont pòtal moun lan nan lespas 24 èdtan. Avèk gwo volim reklamasyon, lap pran plis tan pou chak atik afiche sou kont yo.)

16. Poukisa yo te refize reklamasyon mwen an? Kisa pou m fè kounye a?

R. Si yo refize yon moun, yo pral resevwa yon detèminasyon alekri ki soti nan MDOL nan lapòs. Gen yon kantite rezon ki fè yo ka refize yon reklamasyon. Yo pral esplike sa a nan lèt detèminasyon yo resevwa. Yo pral bezwen pou yo swiv enstriksyon yo ki nan lèt detèminasyon alekri an. Si yo gen lòt kesyon, yo ka soumèt yon kesyon nan lyen sa a: <https://www.maine.gov/labor/contact/index.html> [**Mizajou:** Gade tou elijiblite

anba PUA—yon nouvo pwogram asirans chomaj federal yo te lanse nan dat 1^{ve} Me. Si yo te refize reklamasyon an dapre chomaj regilye pou salè ki pa ase, okenn lòt aksyon pa nesesè kòm moun nan pral elijib pou PUA, reklamasyon an nan sistèm lan e li pral transfere otomatikman nan PUA, pou w jwenn plis enfòmasyon: www.maine.gov/unemployment/pua]

17. Ki pi bon fason pou resevwa peman chomaj, depo dirèk oswa kat debi?

R. Nou rekòmande pou tout moun chwazi “depo dirèk” kòm yon metòd peman. Se metòd ki pi rapid pou resevwa peman. Pou w jwenn enstriksyon sou kijan pou chwazi depo dirèk, gade kazye jòn ki sou paj entènèt Chomaj MDOL nan: <https://www.maine.gov/unemployment/>. Pou w jwenn enstriksyon etap-pa-etap nan pwosesis la, tanpri ale nan: <https://www.maine.gov/unemployment/reemployemeguide/> (gade paj 27 nan gid la). Si yon moun chwazi pito pou itilize yon kat debi, tanpri nou vle enfòmasyon w ke Bank Ameriken yo jere benefis chomaj kat debi (men se pa pwogram benefis chomaj MDOL) yo poste kat yo nan sèvis lapòs Etazini. Enfòmasyon kontak Bank Ameriken yo nan: 1-855-282-6161 (*nimewo korije*)

COVID-19 Separasyon nan Travay

18. Kijan nouvo mezi UI a ap adrese yon anplwaye ki malad avèk viris la?

R. Nouvo mezi UI a pa gen entansyon pou bay peman pou andikap akoutèm oswa konje maladi. Pou w resevwa benefis chomaj, anplwaye a dwe anmezi ak disponib pou travay epi kenbe kontak avèk anplwaye a.

19. E si yon pwofesyonèl medikal oswa ofisyèl sante piblik mande w pou an karantèn akòz COVID-19, men mwen pa malad?

R. Si wap swiv gid yon pwofesyonèl medikal oswa ofisyèl sante piblik pou izole oswa mete w an karantèn akòz ekspozisyon w nan COVID-19 e ou pa resevwa peman pou konje maladi peye nan travay ou, ou ka kalifye pou resevwa benefis chomaj. Ou dwe anmezi ak disponib pou aksepte nenpòt travay anplwaye w ofri w ki pa ta koze ou soti nan izolasyon oswa karantèn, e ou ta bezwen asire ke anplwaye w gen enfòmasyon kontak aktyèl ou an.

20. Patron m fenk anonse ke biznis mwen an dwe fèmen tanporèman epi yo dwe revoke tout moun jiskaske nou re-ouvè?

R. Si biznis lan te fèmen tanporèman akòz enpak viris COVID-19 e ou prevwa pou retounen travay lè biznis lan re-ouvè, ou ka kalifye pou benefis chomaj e ou ta dwe aplike anliy. Yo te anile egzijans pou chèche travay. Ou pa bezwen chèche travay depi ou rete disponib ak anmezi pou travay nan men anplwaye w epi asire ke anplwaye w gen enfòmasyon kontak aktyèl ou.

21. Patron m otorize m pran yon konje tanporè san peye paske yo konsidere m gen yon risk elve pou enfeksyon COVID-19 si mwen rete nan biwo a, byenke mwen malad kounye a. Èske mwen kapab kolekte benefis chomaj jiskaske mwen ka retounen nan travay?

R. Ou ka elijib pou benefis chomaj pandan yon absans tanporè konje san peye si ou prevwa pou retounen nan travay ou nan fen konje a kidonk ou ta dwe aplike. Ou dwe rete disponib ak anmezi pou travay pou anplwaye w epi asire ke anplwaye w gen enfòmasyon kontak aktyèl ou. Anplis, ou pa bezwen jwenn dokiman ki soti nan men yon pwofesyonèl sante.

22. E si anplwaye m soti nan biznis definitivman akòz COVID-19?

R. Ou ka elijib pou e ou ta dwe aplike pou benefis chomaj (disponib nan sistèm anliy lan 24/7).

23. Èske yon moun ka kouvri pa chomaj pou travay redwi oswa atanpasyèl?

R. Wi, Maine gen kouvèti chomaj pou travay atanpasyèl. Moun nan ta dwe depoze reklamasyon pou chomaj e MDOL pral egzamine ak detèmine si moun nan kalifye pou benefis pasyèl baze sou kantite èdtan li travay.

24. Si mwen dwe kite, èske mwen pral anmezi pou resevwa benefis UI?

R. Li depann. MDOL pral bezwen pou fè yon detèminasyon baze sou fè chak sitiyasyon depi yo fin depoze yon reklamasyon pou benefis. MDOL pa ka bay yon desizyon defini anvan separasyon nan yon djòb.

25. E si anplwayè m di pa gen travay pou mwen e mwen pa p touche, men li di m ke yo pa “revoke m”? Èske mwen ka resevwa benefis chomaj?

R. Si ou pa p travay e ou pa touche, MDOL ankouraje w pou aplike pou chomaj.

26. Nouvo lwa eta gen ladan moun sila yo ki “bezwen swen pou yon manm fanmi depandan akòz rezilta nan COVID-19.” Kisa sa vle di pou yon moun?

R. Sa depann. Yon moun ta dwe aplike anliy pou chomaj e MDOL pral egzamine ak pran yon detèminasyon sou yon baz ka-pa-ka. Daprè nouvo lwa eta, pandan yon absans konje tanporè konsa, yon moun ka kalifye pou chomaj si moun sa kontinye rete anmezi ak disponib pou travay ak kenbe kontak avèk anplwayè ki konsène a. **(Mizajou: Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)] te lanse nan dat 1^{ye} Me – yon nouvo pwogram asirans chomaj federal ap bay kouvèti pou anpil moun ki pa jeneralman kouvri anba asirans chomaj eta e yo afekte dirèkteman pa COVID-19. Si yo refize moun ki aplike anba chomaj regilye a pou mank salè, okenn lòt aksyon pa nesèsè. Moun nan pral elijib pou PUA, reklamasyon an nan sistèm lan e li pral transfere otomatikman nan PUA, pou w jwenn plis enfòmasyon: www.maine.gov/unemployment/pua)**

Kouvèti asirans chomaj Anplwaye

27. Kijan travayè “pa jou” yo afekte?

R. Travayè pa jou yo kouvri anba benefis chomaj depi yo satisfè elijiblite monetè, e yo anmezi ak disponib pou travay ak rete an kontak avèk anplwayè yo. Yo ta dwe aplike pou chomaj; yo pral egzamine aplikasyon yo e MDOL pral fè yon detèminasyon.

28. Pandan konbyen tan moun nan dwe travay pou l ka kalifye pou benefis chomaj? Kisa “elijiblite monetè ye”?

R. Asirans chomaj depann sou “elijiblite monetè” lè yo revize salè ou te touche pandan senk dènye trimès konplè yo. Pou kat trimès konsekitif pandan peryòd sa ou dwe touche omwen \$5,336.04 ak de nan kat trimès yo ou dwe te touche omwen \$1,778.68 (Sa yo se chif ki ajou apati 1^{ye} Jen 2020). Montan lajan sa yo fikse chak ane baze sou salè mwayèn chak semèn travayè Maine yo touche. Kantite lajan benefis yo ak kantite tan yon moun ka kolekte benefis yo baze sou konbyen lajan ou touche. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.maine.gov/unemployment/claimsfaq/>.

29. Kisa ki maksimòm benefis chomaj chak semèn?

R. Nan dat 1^{ye} Jen (e jiska 31 Me 2021), montan benefis maksimòm pou pwogram chomaj eta te ogmante apati 445 pou rive **\$462**. Benefisyè yo kap fè reklamasyon pou yon nouvo ane benefis se nan 1^{ye} Jen oswa apre pral gen montan lajan benefis chak semèn varye ant \$80 ak \$462 pa semèn. Montan lajan benefis anvan, baze sou salè mwayèn chak semèn nan 2018, varye soti nan \$77 pou rive nan \$445. Moun sila yo ki deja gen yon

reklamasyon chomaj aktiv pa pral wè yon diferans nan reklamasyon yo, sa a se pou nouvo reklamasyon ki depoze nan oswa apre 1^{ve} Jen

30. Èske imigran ak moun kap chèche azil kalifye pou Benefis Chomaj?

R. Si imigran oswa moun kap chèche azil la gen otorizasyon travay pou travay nan Etazini, epi pèdi djòb yo akòz COVID-19, yo ta dwe aplike pou chomaj (preferableman nan sistèm anliy lan, disponib 24/7). MDOL pral revize reklamasyon an sou yon baz ka-pa-ka menm jan nou ta fè pou tout lòt reklamasyon yo epi fè yon detèminasyon sou elijiblite.

31. Kisa yon refijye oswa yon azile — ki genyen yon I-94 men ki pa yon kat rezidans oswa otorizasyon travay—dwe fè lè yo mande nan aplikasyon pou chomaj la nimewo “Kat rezidans yo?”

R. Tanpri itilize 11-chif nan nimewo I-94 pou rezon sa a (menmsi aplikasyon an ap di “Nimewo Rezidans,” se nimewo I-94 la ki nesesè).

32. Èske m ka jwenn benefis chomaj si map resevwa Sekirite Sosyal?

R. Wi, MDOL pa konpanse benefis pou peman Sekirite Sosyal yo.

33. Mwen se yon elèv lekòl segondè avèk yon travay atan-pasyèl—èske mwen ka aplike ak kalifye pou chomaj?

R. Wi, travayè yo sa ki gen ladan sila yo ki pi piti pase 18 ane ki touche salè yo (enkli tan pasyèl) nan travay ki kouvri epi ki vin pa p travay ka ranpli reklamasyon pou chomaj. Ou ka kalifye pou benefis chomaj dapre chomaj regilye eta ki prevwa ou gen ase salè pou satisfè kondisyon elijiblite monetè ak tout lòt egzijans yo (egzanp., separasyon travay kalifye, anmezi pou travay ak disponib pou travay, elatriye). Ou ta elijib tou pou peman adisyonèl federal \$600/semèn.

Si ou pa kalifye pou benefis chomaj regilye eta paske ou pa gen salè sifizan e ou te afekte dirèkteman pa COVID-19, ou ka elijib pou chomaj anba yon nouvo pwogram federal (PUA), kèlkeswa laj oswa estati elèv. Pa egzanp, yon elèv aplentan, ki travay kèk èdtan pa semèn nan yon travay atan pasyèl e li vin nan chomaj, oswa pa anmezi pou travay oswa pa disponib pou travay kòm yon rezilta dirèk nan COVID-19 ka elijib pou chomaj anba pwogram federal PUA yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon: www.maine.gov/unemployment/pua

34. Èske etidyan kolèj yo ki te pèdi travay-etid yo ka jwenn benefis chomaj?

R. Jeneralman, elèv yo ki gen djòb travay-etid pa konsidere kòm anplwaye ki kouvri pou (benefis chomaj). Men, ka gen sikonstans spesyal ke yo kapab konsidere si elèv yo te gen lòt travay andeyò travay etid la. Nou ankouraje yo aplike pou chomaj nan sistèm anliy lan (disponib 24/7): www.maine.gov/unemployment.

35. Si anplwayè m kontinye asirans sante m pandan mwen nan konje oswa revokasyon tanporè, èske sa pral afekte benefis asirans chomaj mwen?

R. Non, sa a pa pral afekte benefis chomaj chak semèn ou.

36. Mwen te sou pwèn pou m kòmanse yon nouvo travay e nouvo anplwayè mwen pa vle m kòmanse. Èske mwen ka kolekte benefis chomaj?

R. Li depann. Ou ta dwe depoze yon reklamasyon pou chomaj. MDOL pral revize istwa travay ou epi fè yon detèminasyon sou elijiblite.

37. Èske asirans chomaj disponib pou travayè lekòl pa èdtan yo?

R. Gouvènè Mills te siyen yon Ódonans Egzekitif (15 Ane Fiskal 19/20) nan dat 19 Mas ki mande ke tout distri lekòl yo kontinye peye pou anplwaye lekòl pa èdtan yo pou tout rès ane lekòl la. Anplwaye yo pa pral elijib pou asirans chomaj paske yo pral resevwa peman regilye yo, yon sitiyasyon preferab.

38. Èske anplwaye lekòl yo elijib pou asirans chomaj pandan mwa ete yo?

R. Si anplwaye lekòl la travay nòmalman yon djòb ete e travay sa pa disponib akòz Covid-19, anplwaye lekòl sa ta kouvri anba pwogram Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)]. Pwogram asirans chomaj federal sa a (UI) kouvri nenpòt moun ki pa elijib pou benefis eta UI e si rezon ki fè manke travay la gen rapò avèk Covid-19. Yon anplwaye lekòl ki nòmalman pa travay pandan ete a pa anboche akòz Covid-19 e li pa elijib pou Asirans Chomaj (UI). Lwa Maine entèdi anplwaye lekòl yo pou kolekte Asirans Chomaj pandan mwa ete yo, Pwogram Asirans Chomaj la (PUA) se yon pwogram ki gen 100% finansman federal kidonk yo pa pral chaje lekòl la pou nenpòt benefis yo peye nan pwogram sa. *Pou w jwenn plis enfòmasyon sou PUA: www.maine.gov/unemployment/pua*

39. Èske gen anplwaye nan gouvènman federal la—tankou anplwaye yo nan Portsmouth Naval Shipyard oswa Togus VA—ki elijib pou benefis chomaj?

R. Anplwaye sa yo elijib pou yon pwogram chomaj separe – Konpansasyon Chomaj pou Anplwaye Federal yo (UCFE). Anplwaye Federal yo nan Maine pral bezwen aplike nan ReEmployME pou UCFE (<https://reemploy.me.maine.gov/accessme/faces/login/login.xhtml>). Sa a se yon pwogram kontinyèl e yo ka aplike nan nenpòt kilè. Yo pral pwobableman resevwa yon nòt sou yon investigasyon monetè nan kont yo pandanke MDOL mande gouvènman federal la salè.

40. Yo te revoke m tanporèman akòz ijans COVID-19 e kounye a anplwayè m planifye pou re-ouvè biznis lan e li te enfòmè travayè yo pou retounen nan travay yo. Mwen prefere rete nan chomaj olye ke m retounen nan travay. Èske mwen ka toujou kolekte benefis yo?

R. Li depann. Sa a se yon sitiyasyon konplèks e elijiblite pou chomaj depann sou sikonstans pèsònèl anplwaye a. Lè moun sila yo kap resevwa benefis chomaj depoze reklamasyon benefis obligatwa sètifikasyon chak semèn, yo dwe reponn kesyon yo si wi oswa non yo te ofri yo travay nan semèn ki sot pase a. Anplwayè yo ap enfòmè MDOL si yo te rele anplwaye yo pou retounen nan travay e si anplwaye sa yo te refize òf travay la. MDOL pral analize sikonstans yo sou yon baz ka-pa-ka pou wè si gen yon bon rezon pou refize travay la ou non. (Pa egzanp, anba nouvo pwogram federal la (egzanp. Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance-PUA], benefis chomaj disponib pou yon gwoup moun ki pi laj avèk sikonstans yo ki afekte pa COVID-19. Detèminasyon MDOL ka depann tou sou sikonstans plas travay patikilye a, tankou si ou ka fè travay la lakay ou, oswa si anplwayè a ap pran mezi pou diminye risk ekspozisyon nan COVID-19.) Si MDOL detèmine ke yo te fè yon òf travay ki konvnan epi pa gen rezon valab pou refize l, moun nan pa pral resevwa benefis chomaj ankò ki se \$600 adisyonèl. Benefis adisyonèl \$600 anba FPUC tanporè e lap ekspire nan dat 25 Jiyè.

Vòl Idantite ak Fwòd

41. Kisa mwen dwe fè si m panse yon lòt moun ap itilize enfòmasyon pèsònèl mwen pou depoze fo reklamasyon chomaj?

Ogmantasyon reklamasyon asirans chomaj san parèy nan dènnye de mwa ki sot pase yo akòz COVID-19 vle di ke Maine, ansanm avèk rès peyi a, ap eksperimante yon ogmantasyon nan rapò sou vòl idantite. Sa a se lè yo vòlè Enfòmasyon Idantifyab Pèsònèl yon moun (PII) e yon lòt moun itilize l pou aplike pou benefis chomaj.

Moun kap fè fwod yo itilize PII yo vòlè ki soti nan vyolasyon done ekstèn oswa lòt mwayen fwod pou kreye fo reklamasyon chomaj nan sistèm chomaj nou an. **Pou rapòte Vòl Idantite anliy: MDOL Online Identity Theft Reporting Form** **Pou w jwenn plis enfòmasyon: vizite paj entènèt Maine AG Identity Theft ak sit entènèt Federal Trades Commission pou rapòte vòl idantite ak jwenn direktiv sou etap yo ou ta dwe pran**

42. Kisa mwen ta dwe fè si yomete demann chomaj mwen an sispan?

Nan limyè vòl idantite ak fwod chomaj ki fè objè ankèt nan tout peyi a, Depatman Travay Maine kenbe reklamasyon yo ki kapab potansyèlman gen fwod ak anile sila yo te idantifye kòm pwobableman ki se fwod. Nan fason pou yo ka retire sispansyon an, Depatman an konfime dwe konfime idantite w. Tanpri ale anliy nan paj ReEmployME nan adrès reemploye.maine.gov. Chwazi **“Telechaje Dokiman yo pou Verifikasyon Idantite”** ki lokalize jis anlè lyen koneksyon an. Tanpri bay **DE pyès idantite** (foto oswa eskanè akseptab), youn ladan yo dwe yon pyès idantite avèk yon foto gouvènman an bay.

Idantifikasyon foto gouvènman bay ID yo
(ou dwe gen ladan omwen youn nan kategori sa a):

- ✓ Lisans chofè
- ✓ Paspò
- ✓ Idantite Militè
- ✓ Idantite anplwaye Eta oswa Federal

Dokiman ki pa genn foto (ou ka ajoute yon atik nan kategori sa a kòm dezyèm fòm dokimantasyon):

Yon bòdwo resan ki montre non ak adrès rezidansyèl ou

- ✓ Kat Sekirite Sosyal
- ✓ Batistè

Enfòmasyon ki sou dokiman an dwe koresponn avèk enfòmasyon ki nan dosye nou yo. *Ajan eksperimante kap fè respekte lalwa pral egzamine dokiman yo nan fason yo resevwa l.* Ou ta dwe resevwa yon imèl konfimasyon depi ou fin soumèt li. Depi yo fin verifye idantite w, yo pral retire sispansyon ki sou reklamasyon ou an e yap voye peman yo nan lespas 7-14 jou.

Reouvèti Pwogram Pwoteksyon Pewòl, Chomaj [Unemployment, Payroll Protection Program (PPP), Reopening]

43. E si map resevwa salè atravè prè/sibvansyon PPP anplwayè m?

Si wap resevwa salè atravè PPP a, ou dwe rapòte revni sa yo kòm salè nan sètifikasyon w chak semèn.

44. Anplwayè m te apwouve pou yon Prè Pwoteksyon Pewòl e li di m pandanke biznis lan poko ouvè pou anplwaye yo retounen travay, yo ta renmen remete m sou pewòl la pou resevwa salè mwen. Èske mwen ka refize retounen sou pewòl la, epi kontinye kolekte benefis chomaj pito, espesyalman kòm gen kounye a yon peman adisyonèl \$600 pa semèn?

R. Non, anplwaye yo ta dwe retounen sou pewòl la si yo gen opsyon pou yo fè sa a. Yon anplwaye pa ta elijib ankò pou benefis chomaj si yap resevwa swa salè konplè yo, oswa plis pase \$467 pa semèn, kòm yo pa ta konsidere nan chomaj. Lè moun sila yo kap resevwa benefis chomaj ranpli sètifikasyon obligatwa chak semèn, yo dwe reponn kesyon osijè si yo te jwenn òf nenpòt travay oswa yo te touche nan semèn ki sot pase a. Benefis federal adisyonèl \$600 tanporè e lap ekspire nan dat 25 Jiyè.

45. Mwen tap resevwa benefis chomaj. Anplwayè mwen te resevwa yon sibvansyon PPP e li te remete m sou pewòl la. Kisa mwen dwe fè antèm pou m mete fen nan chomaj?

R. Ou pa bezwen rele Biwo Chomaj nan Depatman Travay. Si ou retounen konplètman sou pewòl la e wap resevwa salè nòmal ou, ou pa nan chomaj ankò e ou ta dwe sispann ranpli reklamasyon chak semen yo. Reklamasyon w lan ap rete ouvè pandan tout rès ane benefis ou sizoka ou ta vini nan chomaj nan yon lòt dat e ou bezwen gen aksè nan nenpòt rès benefis ou elijib.

46. Èske yon moun oblije pran yon travay touche mwens pase yo te touche anvan an?

R. Li posib, tou depann de yon konparezon nan resanblans travay yo ofri nan travay anvan moun nan ak pandan konbyen tan moun nan te nan chomaj. Dispozisyon lwa Maine pou konsidere si yon moun ka refize yon travay epi li toujou ap resevwa benefis chomaj, aplike nan toulède pwogram regilye chomaj eta ak PUA. Refize travay ki apwopriye san bon kòz ta lakòz yon refi pou benefis yo, men salè anvan yo se jis youn nan faktè yo gade nan evalye si travay ou te refize a te apwopriye. Lòt faktè yo te pran an konsiderasyon gen ladan yon evalyasyon nan degre risk sou sante ak sekirite moun nan, kapasite fizik moun nan, kantite tan nan chomaj (anba oswa plis pase 10 semèn), ak posiblite pou jwenn travay menm jan ak sa moun nan te genyen anvan ak distans travay ki disponib nan rezidans moun nan. Kòm reyalye nan chak sitiyasyon varye, chak dwe gade endividyèlman pou detèmine si yo pral akòde benefis yo.

47. Èske moun ki oblije pran yon travay touche mwens pase benefis UI yo ki gen ladan \$ a 600?

R. Wi. Benefis pou chomaj yo fèt pou bay yon soulajman finansye tanporè pou jwenn nouvo travay. Kantite lajan benefis chomaj yon moun ap resevwa se pa youn nan faktè sa yo konsidere kòm detèmine si yon òf travay apwopriye. Dispozisyon federal ki gen rapò ak peman \$ 600 pou peman Konpansasyon Chomaj Pandemik Federal spesifikman entèdi yon moun pou kolekte alokasyon chomaj si moun lan kite oswa refize travay nan fason pou l kolekte peman sa yo.

Benefis Epwize

48. E si mwen te itilize tout benefis chomaj mwen deja? Kisa kap pase kounye a?

R: Apati semen 18 Me, semèn adisyonèl pou benefis chomaj ap disponib pou moun yo ki vin epwize benefis chomaj eta yo. Semèn anplis sa yo disponib pou nenpòt moun ke ane benefis yo fini nan oswa apre 1^{ye} Jiyè 2019 e ki rete otreman elijib. Yap peye benefis yo retroaktivman nan semèn ki fini 21 Mas 2020 oswa semèn ki vini apre epwizman chomaj eta ou an, kèlkeswa sa ki vini annaprè. Ou dwe ranpli sètifikasyon chak semèn pou semèn sa yo nan fason pou yo ka fè peman yo. Si ou pa t ranpli pou semèn kap vini 21 Mas oswa nan pita, tanpri konekte sou kont ReEmployME ou pou depoze sètifikasyon sa yo. Nenpòt moun ki satisfè kritè elijiblite e ki te epwize benefis chomaj eta yo a pral resevwa Asistans Chomaj pou Pandemi [Pandemic Unemployment Assistance (PUA)] pou semen yo ki fini nan 21 ak 28 Mas. Kòmanse avèk semen ki fini nan 4 Avril ak pita, Konpansasyon Chomaj Pwolonje pou Pandemi [Pandemic Extended Unemployment Compensation (PEUC)] pral kòmanse. Pwogram sa a te lanse nan semèn 29 Jen. Pou semen yo kap fini nan 4 Avril jiska 25 Jiyè 2020, yap peye tou \$600/adisyonèl pa semen nan Konpansasyon Chomaj Federal pou Pandemi [Federal Pandemic Unemployment Compensation].

Enkyetid sou Sekirite nan Plas Travay

49. Kisa anplwaye yo dwe fè si yo gen enkyetid sou sekirite nan plas travay yo?

R. Si anplwaye yo gen enkyetid sou sekirite nan plas travay yo, yo ta dwe eksprime enkyetid yo bay anplwayè oswa manadjè yo epi kite yo eseye adrese pwoblèm yo. Si anplwaye yo pa alèz pou yo fè sa oswa si pwoblèm yo pa rezoud, yo ka kontakte OSHA (si anplwaye yo travay pou yon anplwayè prive oswa gouvènman federal

la) nan <https://www.osha.gov/contactus/bystate/ME/areaoffice> oswa Biwo Estanda Travay nan Depatman Travay Maine (si anlwaye yo travay pou yon gouvènman lokal oswa eta) nan 207-623-7900 pou depoze yon plent. Anplis, tanpri gade lòt atik yo sou sitwèb MDOL pou w jwenn lòt opsyon tankou konje peye ki gen rapò avèk COVID: <https://www.maine.gov/labor/covid19/>.

KESYON YO POZE SOUVAN: POU ANPLWAYÈ YO

Kouvèti & Eljibilite

1. Si mwen dwe fèmen tanporèman yon pati oswa tout biznis mwen akòz viris COVID-19 ak revoke anplwaye mwen yo, èske yo ta dwe al chèche lòt travay pandan yap kolekte benefis chomaj?

R. Non. Depi ou planifye pou fè yo retounen nan djòb yo lè ou rekòmanse avèk travay ou, a kondisyon ke yo rete anmezi ak disponib pou travay pou ou epi ba ou enfòmasyon kontak aktyèl pou kontakte yo, yo pa p bezwen chèche lòt travay.

2. Èske yon anplwayè ki bezwen revoke anplwaye yo tanporèman akòz COVID-19 kontinye peye prim asirans sante pou anplwaye yo pandan peryòd revokasyon tanporè a oswa èske sa pral afekte negativman benefis chomaj anplwaye yo?

R. Kontinye bay asirans sante pa pral afekte kapasite anplwaye w pou resevwa benefis chomaj.

3. E si yon anplwayè ap konsidere yon rediksyon nan èdtan travay yo?

R. Yo ankouraje anplwayè yo pou kontakte Biwo Konpansasyon Chomaj MDOL pou aprann sou Workshare, yon opsyon chomaj kap ede biznis yo kenbe anplwaye yo pandan yon ralantisman tanporè nan travay. Pwogram nan pèmèt anplwayè yo redwi volontèman nan èdtan travay anplwaye yo alapas revokasyon. Anplwaye yo otorize pou kolekte yon benefis chomaj pasyèl pou ede yo konpanse nan pèt revni yo. (<https://www.maine.gov/unemployment/workshare>)

4. Èske li pi bon pou revoke anplwaye yo tanporèman olye ou mande yo pou demisyone?

R. Li pi fasil pou detèmine eljibilite chomaj nan ka yon revokasyon paske gen yon separasyon klè nan travay. Pou w elijib pou chomaj, moun yo dwe pèdi travay yo san se pa fòt yo.

5. Èske travayè endepandan, pwopriyetè inik ap kouvri?

R. Si travayè otonòm lan enkòpore, yo pral elijib pou benefis chomaj. Men, pifò kontraktè endepandan yo, pwopriyetè ti biznis ak lòt moun ki se travayè otonòm yo pa enkòpore, pa kontribye nan taks epi jeneralman pa elijib pou benefis chomaj. **[Mizajou: Travayè otonòm la kouvri anba Asistans Chomaj pou Pandemi (PUA) ki te lanse 1^{ve} Me. Se yon nouvo pwogram asirans chomaj federal ki bay kouvèti pou moun yo ki pa jeneralman elijib pou benefis chomaj eta tankou travayè otòm lan ansanm avèk sila yo ki afekte dirèkteman pa COVID-19. Pou w jwenn plis enfòmasyon: www.maine.gov/unemployment/pua. Yo pral peye benefis yo retro-aktivman.]**

6. Nan ki nivo chanjman nouvo pwojè lwa pral aplikab pou moun yo kap travay pou gwo anplwayè (500+ anplwaye)?

R. Nouvo mezi tanporè eta prevwa nan nouvo lwa a se pou tout travayè ki kouvri yo nan eta a.

7. E osijè Ranbousman Dirèk Anplwayè yo—kijan nouvo mezi chomaj la afekte nou?

R. Kontrèman ak anplwayè nan sektè prive yo, anplwayè prive ak gouvènman yo ka chwazi pou peye swa nan fon chomaj la oswa pou kouvri depans pou benefis yo ki peye dirèkteman. Anplwayè prive yo dwe kontribye nan pwogram asirans sosyal kidonk resous yo disponib pandan ralantisman ekonomik la. Moun sila yo ki chwazi pou pa peye taks pou chomaj la jeneralman responsab pou 100% nan pri pou nenpòt benefis yo peye

ansyen anplwaye yo. MDOL ap rete tann entèpretasyon final nan Lwa federal CARES ki soti nan DOL Etazini; li sanble ke lejislasyon an bay fon federal pou kouvri 50% nan benefis chomaj eta ki ta otreman chaje anplwayè ranbousab dirèk yo. Maine pa ka anile rès 50%. Pa gen sous finansman disponib pou kouvri depans sa yo ta lakoz nan transfè responsablite bay anplwayè prive taksab yo. Nan 31 Desanm 2019, te gen apeprè plis pase 1,000 anplwayè a ranbousman dirèk nan Maine.

8. Si yon anplwayè abite nan Maine epi posede yon restoran nan New Hampshire e li gen anplwaye ki abite nan toulède eta yo, nan ki eta anplwaye yo aplike pou chomaj?

R. Travay la te pèfòme nan NH kidonk tout moun kap fè reklamasyon yo (travayè yo) pral bezwen pou yo depoze reklamasyon yo nan NH kèlkeswa rezidans endividyèl yo.

9. Èske yon anplwayè oblije fè anplwaye yo epwize tout tan konje peye yo anvan li mete yo nan revokasyon tanporè (apresa yo pral aplike pou chomaj)?

R. Non. Anplwayè yo pa oblije peye tout tan konje peye yo anvan yon revokasyon tanporè, men yo otorize pou fè sa. Itilizasyon tan konje peye a pandan yon revokasyon tanporè depann sou règleman anplwayè a. Anplwayè a ka mande pou itilize oswa peye tan konje. Peman anplwaye yo resevwa ka gen yon enpak sou benefis chomaj yo peye yon moun.

10. Èske li posib pou chèche konnen si yon anplwaye elijib pou chomaj anvan moun nan depoze yon reklamasyon?

R. Non, MDOL pa ka detèmine si yon moun ta elijib pou benefis chomaj anvan moun sa separe de anplwayè a. Yon moun dwe separe de anplwayè a apres a depoze yon reklamasyon. MDOL revize dosye a epi fè yon detèminasyon. Si yon moun pa sèten si yo elijib, li pi bon pou aplike. Moun nan dwe toujou konekte nan mache travay la nan fason pou resevwa benefis, anmezi ak disponib epi kenbe kontak avèk anplwayè a.

11. Èske m ka revoke anplwaye mwen yo e yap jwenn benefis chomaj, èske yo ka retounen epi volontè pou travay pou mwen?

R. Anplwaye yo pa ka travay volontè pou yon biznis ki fè pwofi. Anplwaye yo pa ka travay volontèman pou menm travay ke yo te konn touche salè a pou yon anplwayè piblik. Si yon travayè piblik oswa prive revoke anplwaye yo —e apres a retounen travay pou anplwayè yo, yo anplwaye (pa revoke) e yo dwe touche salè. Si yo revoke reyèlman, yo ka aplike pou benefis chomaj atravè sistèm anliy nan.

12. Mwen se yon travayè otonòm e map eseye decide si pou m depoze reklamasyon pou benefis chomaj oswa pou m aplike pou yon Pwogram Pwoteksyon Chèk Pewòl [Paycheck Protection Program]. Kisa mwen ta dwe fè? Èske mwen ka aplike pou toulède?

R Desizyon pou m aplike pou chomaj oswa pou m aplike pou prè oswa pou Pwogram Pwoteksyon Chèk Pewòl se yon desizyon biznis endividyèl yo dwe pran. Toutfwa, si moun yo ap resevwa salè total yo, kidonk yo pa ta konsidere yo kòm nan chomaj, e kidonk yo pa ta elijib pou benefis chomaj. Si y ap touche yon salè pasyèl, kidonk yo kapab kalifye oswa pa kalifye. Nenpòt moun kap touche plis pase \$450 pa semèn (ki se maksimòm benefis chomaj eta pa semèn plis \$5) pa konsidere kòm an chomaj anba pwogram UI.

13. Antanke pwopriyetè biznis otonòm, mwen te apwouve pou yon Prè Pwoteksyon Pewòl pou m kenbe biznis mwen ouvè ak pou pèmèt mwen peye anplwaye mwen yo salè yo. Pandanke mwen pa pare pou

mande anplwaye mwen yo pou yo retounen travay, Mwen ta renmen itilize prè a pou peye yo. Èske anplwaye mwen yo refize retounen sou pewòl la epi kontinye kolekte benefis chomaj alapas li?

R. Non, yon anplwaye pa ta elijib ankò pou benefis chomaj si yap resevwa swa salè total yo, oswa plis pase \$467 pa semèn, kòm yo pa ta konsidere nan chomaj. Lè moun sila yo kap resevwa benefis chomaj depoze sètifikasyon chomaj obligatwa yo pa semèn, yo dwe reponn kesyon osijè si yo te ofri yo nenpòt travay peye oswa yo te touche salè nan semèn ki sot pase a. Anplwayè yo ta dwe enfòmè MDOL si yo te ofri pou remete anplwaye yo sou pewòl la e si anplwaye sa yo te refize òf la. Nou te kreye yon nouvo fòm elektwonik pou rapòte potansyèl refi travay, sa ou ka jwenn nan: <https://www.maine.gov/unemployment/ucbr/>. Tanpri konplete fòm nan epi bay otan enfòmasyon ou kapab kidonk nou ka fè swivi si nesèsè.. Benefis adisyonèl chomaj federal \$600 pral fini nan dat 25 Jiyè 2020.

14. Mwen te revoke travayè yo akòz ijans COVID-19 epi kounye a mwen planifye pou re-ouvè biznis mwen e mwen te enfòmè yo ke m ta renmen yo retounen nan travay yo. Men, anpil ladan yo pa vle retounen travay e yo prefere rete nan chomaj. Èske yo ka kolekte benefis menm si mwen te di yo pou yo retounen travay?

R. Li depann. Sa a se yon sitiyasyon konplèks ak elijiblite pou chomaj pral depann sou sikonstans pèsònèl moun kap fè reklamasyon pèsònèl la. Lè moun sila yo kap resevwa benefis chomaj depoze sètifikasyon obligatwa chak semèn, yo dwe reponn kesyon yo osijè si yo te ofri yo nenpòt travay nan semèn ki sot pase a. Anplwayè yo ta dwe fè MDOL konnen si yo te rele anplwaye yo pou retounen nan travay e si anplwaye sa yo te refize òf travay la. Nou te kreye yon nouvo fòm elektwonik pou rapòte potansyèl refi travay, sa ou ka jwenn nan: <https://www.maine.gov/unemployment/ucbr/>. Tanpri konplete fòm nan epi bay otan enfòmasyon ou kapab kidonk nou ka fè swivi si nesèsè. MDOL pral analize sikonstans yo sou yon baz ka-pa-ka pou wè si gen yon bon rezon ki fè yo refize travay la ou non. Pa egzanp, anba nouvo pwogram federal yo (egzanp Asistans Chomaj pou Pandemi -PUA), benefis chomaj yo disponib pou yon pi laj gwoup moun ki gen sikonstans ki te afekte pa COVID-19. Detèminasyon MDOL ka depann tou sou sikonstans patikilye yon plas travay, tankou si travay la ka fèt nan kay, oswa si anplwayè a ap pran mezi pou diminye risk ekspozisyon nan COVID-19. Si MDOL detèmine ke yo te fè yon òf travay konvnan e pa t gen rezon valab pou refize l, moun k ap fè reklamasyon an pa p resevwa benefis chomaj ankò enkli \$600 adisyonèl la. Benefis adisyonèl \$600 anba FPUC tanporè e lap ekspire nan dat 25 Jiyè.

Finansye

14. Èske eksperyans klasman dosye m ap afekte si nenpòt nan anplwaye mwen yo resevwa benefis chomaj akòz COVID-19?

R. Si yon moun resevwa benefis chomaj sèlman akòz COVID-19, benefis yo peye travayè a pa p konte nan eksperyans klasman dosye anplwayè a.

15. Mwen te revoke anplwaye mwen yo e yo te mande pou yo touche konje peye yo a (PTO). Èske sa pral afekte benefis chomaj yo?

R. Si yo te reyèlman revoke tanporèman anplwaye yo e yo separe nan travay avèk biznis nou, kidonk peman Konje peye a PTO pa pral konte kont benefis asirans chomaj (byenke nenpòt prestasyon peman ta lakoz yon rediksyon nan benefis yo nan semèn yo peye a). Si anplwaye yo nan konje **san peye** akòz mezi ki gen rapò avèk

COVID-19, yo ka aplike epi resevwa benefis chomaj. Si anplwaye yo ap resevwa peman pandan yo nan yon konje (nenpòt nan fòm sa yo: konje maladi, vakans peye oswa salè regilye), yo pa nan chomaj e yo pa ta dwe kolekte UI anplis de salè yo. Nouvo lwa federal la ki te adopte nan dat 18 Mas sou konje maladi peye ak konje fanmi peye ak konje medikal. Gen plis enfòmasyon pou anplwaye ak anplwayè yo sou sit entènèt nan U.S. DOL: nan nouvo règleman federal sou konje maladi peye oswa konje medikal ak fanmi peye nan U.S. DOL: <https://www.dol.gov/agencies/whd/pandemic>

Kontak Biwo/ KMDOL Konpansasyon pou Benefis Chomaj:

Si yon moun pa sèten si li pral elijib pou asirans chomaj, Depatman Travay Maine rekòmande ke yo aplike. Ou ka jwenn jwenn plis enfòmasyon sou asirans chomaj isit la:

<https://www.maine.gov/unemployment/>

Reklamasyon yo trete pi byen anliy avèk yon òdinatè ak lè trafik la fèb sou entènèt:

- <https://reemploye.maine.gov/>
- 1-800-593-7660 (8 am – 3pm)
- Tanpri itilize apèl alfabetik: non fanmi kòmanse avèk A-H apèl nan Lendi, I-Q nan Madi; ak R-Z nan Mèkredi. Yo kite Jedi ak Vandredi pou moun yo ki te rate jou alfabetik yo oswa ki bezwen rele nan lè sa a.
- Si ou pa ka itilize sistèm telefòn nan oswa si ou bezwen kite yon mesaj, tanpri fè sa nan Pòtal Mesaj Kliyan (CMP): <https://www.maine.gov/labor/contact/index.html>

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous, vizite paj COVID-19 Depatman an: <https://www.maine.gov/labor/covid19/>, ak swiv Depatman Travay Maine sou Facebook @MElabor ak Twitter @maine_labor.